EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.1 | SJIF = 5.685 www.in-academy.uz



# JINAYATSHILIQTIÑ ALDIN ALIWDA VIKTIMOLOGIYALIQ PROFILAKTIKANIÑ ÀHMIYETI

**Dauletova Dinara Dauletovna**
Qaraqalpaq Màmleketlik Universiteti 2-kurs magistrantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.7532946

## ARTICLE INFO

Received: 02nd January 2023
Accepted: 11th January 2023
Online: 12th January 2023

## KEY WORDS

*Kriminologiya, Òzbekistan Respublikası nızamshılıǵı, viktimologiya, profilaktika.*

## ABSTRACT

*Jınayatlardıñ aldın alıw is-ilajları màmleket qàwipsizligi, onda jasawshı shaxslar iskerligine zıyan jetkeriwdiñ aldın alıw boyınsha is-ilajlardı òz ishine aladí. Sol sebepli, maqalanıñ baslı maqseti- jınayattıñ aldın alıw hàm oǵan qarsi gúresiw hàreketleri, sonıñ ishinde jınayatlardıñ aldın alıwda viktimologiyalıq profilaktikanıń àhmiyetligin tùsindiriw bolıp tabıladı.*

Òzbekistan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoyevtiñ "Nızambuzıwshılıqlar profilaktikası hàm jınayatshılıqqa qarsı gùresiw sistemasın jànede jetilistiriw is-ilajları haqqında qararı qabıllandı. [1]. Usı tiykarda màmleketimizde jınayatshılıqtıñ aldın alıw boyınsha bir qatar wazıypalardı àmelge asırıw belgilendi. Olar tòmendegilerdi òz ishine aladı:

1. Puqaralardıń huqıqları, erkinlikleri hám nızamlı máplerin isenimli qorǵaw kepilliklerin, sol atap aytqanda xalıq penen tuwrıdan tuwrı hám ashıq baylanıstı jolǵa qoyıw, Ózbekistan Respublikası Prezidentiniń Xalıq qabıllawxanaları iskerliginde aktiv qatnasıw, puqaralar shaqırıwları hám máselelerine biypàrwa mũnásibette bolmaw hám byurokratik jaǵdaylarǵa jol qoymaw arqalı támiyinlew;
2. huqıqtı qollaw ámeliyatı hám nızamshılıqtı jetilistiriw ilajların islep shıǵıw hám de ámelge asırıw arqalı huqıq buzıwlardıń, ásirese jası jetpegenler hám jaslar ortasında jınayatshılıqtıñ aldın alıw hám de olarǵa shek qoyıw, sonıń menen birge olardıń júz beriw sebepleri hám shárt-sharayatların anıqlaw, analiz qılıw hám jónge salıw boyınsha ilajlardıń natiyjeliligin asırıw;
3. keńseler ara sheriklikti jáne de rawajlandırıw, zamanagóy informacion-kommunikaciya texnologiyaların, sol atap aytqanda videogùzetiw, elektron esapqa alıw hám óz-ara informaciya almasıw, keńselerara maǵlıwmatlar bazaları sistemaların profilaktikalıq jumıslarǵa keń tũrde ámelde qollaw;
4. jámiyetshilik qadaǵalawın kúsheytiw, social hám mámleket-jeke sherikshilikti rawajlandırıw, puqaralardıń ózin-ózi basqarıw shólkemleri hám puqaralıq jámiyetiniń basqa institutları menen tuwrıdan tuwrı sheriklikti jolǵa qoyıw;

Jınayatlardıñ aldın alıw mashqalasına arnalǵan dáslepki ilimiy izertlewlerden biri Kievlik LA. Gelfand hám P. P. Mixaylenkoniñ «Jınayatlardıñ aldın alıw - ayıpkerlikke toqtatıw beriw ushın gúres negizi» monografiyası bolıp tabıladı. Bul jaǵdayda avtorlar jınayatlardıñ aldın alıw salasında qollanılatuǵın atamalar haqqında sóz júrgizip, «aldın alıw», «tamamlaw»,

«profilaktika qılıw», «saplastırıw» atamalarınıń mazmunında parq izlew orınlı emesligin, bul terminlerdiń mazmunınıń birligin - usı mánisten alıp qaraǵanda olar arnawlı bir shaxslar tárepinen jámiyetke ziyan jetkiziwshi qılmıslar júz beriwiniń aldın alıw hám keyinirek bunday jaǵdaylardı ulıwma toqtatıw ilajların kóriw zárúrligi haqqındaǵı pikirdi ańlatiwshı sinonimler ekenligin aytıp òtti [8.14-15].

T. A. Avanesov kórsetip ótilgen atamalar bir-birin esaptan tısqarı etpewin, olar ortasında parqtan kóre uqsaslıq kóbirek ekenligin, mánis jaǵınan olar birdey túsinikler esaplanıwın aytıp ótken halda, jınayatlar profilaktikasına eki qıylı mániste táriyp beredi. Keń mániste jınayatlar profilaktikası - arnawlı bir jınayatlarǵa jol qoymaw, jámiyettiiń arnawlı bir aǵzaların nızambuzıwshılıqlar júz beriwden toqtatıp turıw bolıp esaplanadı. Basqasha aytqanda, bul - huqıq, sonday-aq jınayat huqıqı normalari aynıwına jol qoymawdan ibarat iskerlik. Usı mánisten alıp qaraǵanda jınayatlar profilaktikası mazmunına huqıqtı qorǵaw iskerligi de kiredi. Tar mániste bolsa, jınayatlar profilaktikası degende, birinshiden, jınayatlardıñ sebeplerin, olardı júz beriwge múmkinshilik jaratıwshı jaǵdaylar hám shárt-sharayattı anıqlaw boyınsha iskerlikti; ekinshiden, jınayat júz beriwi múmkin bolǵan shaxslardı anıqlaw hám olar menen zárúrli eskertiw ilajların ótkeriw boyınsha iskerlikti túsiniw kerek. Bul eki túsinikti ulıwmalastırǵan halda «nızambuzıwshılıqlar profilaktikası» ulıwma túsinigin payda etedi [2.167-175].

Kriminologiya teoriyasında jınayatlardıñ jábirleniwshileri haqqındaǵı táliymat «viktimologiya» dep ataladı. «Viktimologiya» termini eki sózden: latınsha victima - «jabirleniwshi» hám grekshe logos - «bilim, táliymat» sózinen shólkemlesken bolıp, jábirleniwshi haqqındaǵı táliymat degen mánisti ańlatadı [5. 134-140]. Viktimologiya mazmunı jábirleniwshiler haqqındaǵı ulıwma táliymattı, yaǵnıy tek ǵana ayıpkerliktiń, bálki hár túrlı jaǵdaylar, baxtsız hádiyseler, tábiyiy apatlar, urıslar, mámleket siyasatınıń genosidi hám taǵı basqalardıñ jábirleniwshilerin óz ishine aladı. Kórip turǵanimizday, kriminologiyada «viktimologiya» termini tar mániste, yaǵnıy tek jınayatlı minez-qulıqtan jábirlengen shaxslarǵa salıstırǵanda qollanǵan.

Kriminologiya sheńberinde jábirleniwshini túrli táreplerden izertlew wazıypası qóyıladı. Jábirleniwshisiz jınayatlı qılmıs bolıwı múmkin emes. Hár qanday jınayatlı qılmıs jábirleniwshige arnawlı bir (materiallıq, social, fizikalıq, psixologiyalıq, ruwxıy, tikkeley, tikkeley bolmaǵan hám t.b. ) zıyan jetkizedi. Jınayatlardan hár túrlı ob'ektler yamasa jınayat nızamshılıǵı menen qorǵalatuǵın social áhmiyetke iyelik etiw mápleriniñ iyeleri jábirleniwi múmkin.

Arnawlı bir puqara yamasa fizikalıq shaxs, shaxslar jámááti, jámiyet, mámleket hám hátte xalıq aralıq huqıqıy shòlkem jábirleniwshi bolıwı múmkin. Jınayatlardan adam óltirgen ayıpkerdiń shańaraq aǵzaları jábirleniwi, mısalı, jınayatlı qılmıstı toqtatıwda qatnasıw waqtında yamasa jınayat processinde huqıqtı qorǵaw shólkemlerine kómeklesiw sıyaqlı da olarǵa arnawlı bir zıyan jetkiziwi múmkin. Bunnan tısqarı, geyde ayıpkerdiń ózi jábirleniwi múmkin (mısalı, ǵalabalıq tártipsizliklerde, bir gruppa shaxs bolıp gúdibuzarlıq qılıwda, urıslarda).

Usınıń sebebinen kimniñ ámelde hám arnawlı bir tárizde jınayattan jábirleniwshi dep esaplaw múmkin, degen soraw kriminalizasiya hám dekriminalizasiya procesi, jınayatlı hújim ob'ektiniń shegaraların belgilew menen baylanıslı. Jınayat júz beriwdiń sebepler shınjırında

jábirleniwshi saldamlı rol oynaydı, degen ideya jańa emes, ol kóp sanlı kórkem ádebiyatqa baylanıslı dereklerde hám huqıq dóretiwshiligi esteliklerinde óz sawleleniwin tapqan. Lekin onıń arnawlı bir dárejede ańlatpalı talqinina XVIII ásir oyshıllarınıń dóretpelerinde dus keliw múmkin. Huqıq pániniń eski dáwiri wákillerinen biri Ieremiya Bentam (1748-1832) jınayat nızamshılıǵına jábirleniwshige jetkizilgen zıyandı qaplawdi názerde tutatuǵın normalardi kirgiziwdi usınıs etken. Bul ayıpkerdi jáne de salmaqli jazalaw hám qorqıtıw imkaniyatın beredi, dep esaplaǵan [7.76-84].

Unamlı huqıq baǵdarınıń wákili Raffael Garofalo (1852- 1934) da jábirleniwshilerge jetkizilgen zıyandı qaplawǵa xalıqtı ayıpkerlerden qorǵawdı jáne de kúsheytiw quralı retinde qaraǵan (Turinlik bul sudya «kriminologiya» terminin birinshi bolıp ilimge kirgizgen) [4].

Nemis kriminologi Sara Marjora Fray (1894-1958) izertlewleriniń dıqqat orayında ayıpkerdi odan jábirlengen shaxs penen jarastırıw, yaǵnıy jámiyette tártip hám tatıwlıqtı turaqlı etiw máseleleri turǵan [5]. Jınayattan jábirleniwshiler mashqalası, zıyandı qaplaw (xun tólew) hám jınayatlardıñ aldın alıwda onıń áhmiyeti máseleleri Shıǵıs, Orta Aziya hám ásirese, Ózbekistan xalıqlarınıń tariyxıy huqıqıy esteliklerinde hám feodal basqarıw principi sud shólkemleriniń qararlarında zárúrli orın iyeleydi.

Lekin ayıpkerliktiń zárúrli faktorı hám kriminologiyaning strukturalıq bólegi retinde jábirleniwshi tek XX ásirdiń birinshi yarımında sistemalı túrde izertlew baslandı. Ádette bul ádebiyatlarda 1948 jıl «Ayıpker hám jábirleniwshi» dep atalǵan úlken hám arnawlı ilimiy izertlewdi járiyalaǵan nemis alımı Gans fon Genting atı menen baylanıstırıladi [7.76-84]. Óz izertlewinde ol oqıwshılar itibarın jınayattıń júzege keliw faktorı retindegi jábirleniwshige qaratadı. Genting sonıń menen birge ayıpkerlikti zıyan jetkiziwshi hám odan jábirleniwshi ortasındaǵı arnawlı bir óz-ara mũnasibetler retinde túsiniw ideyasın ilgeri sũredi. Onıń pikirine kóre, jábirleniwshiler haqqında tóplanǵan maǵlıwmatlarǵa tiykarlanǵan halda ayıpker hám jábirleniwshi ortasındaǵı mũnasibetlerdiń arnawlı bir tiplerin ajıratıw múmkin, bul mũnasibetler bolsa jınayat penen tıǵız baylanıslı bolıp tabıladı.

Bul bolsa ámelge asırılǵan jınayattı tek ǵana analiz qılıwdı, bálki onıń bolajaq jábirleniwshileri haqqında arnawlı bir prognozlar dúziwdi hám hátte latent (jasırın ) ayıpkerliktiń jaǵdayın anıqlawdı talap etedi.

«Kriminologiya» sabaqlıqlarında da tek qısqa tárizde kórsetip ótiledi, kóplegen baspalarda bolsa ulıwma kórip shiǵilmaydi. Biraq jınayatshılıq sebeplerin úyreniw jáne onıń aldın alıw ilajların islep shıǵıwda jábirleniwshi zárúrli rol oynaydı. Óz-ózinen ayqın kórinip turǵanınday, kriminologiyada jınayattan jábirlengen shaxstı úyreniwdiń predmetke tiyisli tar maqseti jınayatlı qulıq-atvoming individual mexanizminde jábirleniwshiniń roli hám áhmiyetin, jınayatlı jaǵdaydıń júzege keliwi hám rawajlanıwına jábirleniwshi qosqan «ùles»ni anıqlawdı názerde tutadı, onıń ushın bolsa jábirleniwshiniń shaxsı haqqında, sonıń menen birge onıń jınayat júz etiliwinen aldıngı turpayı haqqında tiyisli ulıwma informaciya alıw zárúr. Jábirleniwshiniń shaxsı hám turpayı ayıpker óz jınayatlı niyetin ámelge asırıwında tek ǵana jınayat júz etiliwinen aldın, bálki jınayatlı hújim waqtında, sonıń menen birge jınayat ámelge asırılǵanınan keyin de (residiv ushın ) málim rol oynawı múmkin.

Jábirleniwshiniń turpayı, bunnan tısqarı, latent (jasırın ) jábirleniwshiler qılmıslarınıń motivları hám sebeplerin anıqlaw, ámelge asırılǵan jınayat haqqında húkimet shólkemleri

yamasa lawazımlı shaxslarǵa xabar beriw yamasa arza menen shaqırıq etiwden ózin tıyıw sebeplerin anıqlaw hám olarǵa ataq beriw ushın da zárúrli bolıp tabıladı.

Sonday etip, kriminologiya jınayattan jábirleniwshiniń shaxsı hám turpayın úyreniw processinde jábirleniwshi mashqalasın tiykarınan tómendegi kózqarastan kórip shıǵadı

a) ayıpker hám jábirleniwshi mũnasibetleriniń ulıwma xarakteristikası, olardıń óz-ara baylanısı

b) jınayat júz beriwdiń ulıwma sebepleri hám shártleri ulıwma quramında jábirleniwshiniń shaxsı hám turpayı

v) jınayat ámelge asırılǵan arnawlı bir turmıslıq jaǵdayda jábirleniwshiniń shaxsı hám turpayı

g) jınayat ámelge asırılǵaninan keyin jábirleniwshiniń shaxsı hám minez-qulqı (ásirese, residiv ayıpkerlikti úyreniwde);

d) jábirleniwshi shaxsı hám turpayınıń latent jınayatishılıq penen óz-ara baylanısı.

**Juwmaq**. Jınayatlardıñ aldın alıw arnawlı bir shaxslar tárepinen jámiyetke zıyan jetkiziwshi qılmıslar júz beriwiniń aldın alıw hám keyinirek bunday jaǵdaylardı ulıwma toqtatıw ilajların kóriw zárúrligi bolıp tabıladı. Hàr qanday jınayatta ayıplanıwshı hàm jàbirleniwshi boları sòzsiz. Òz gezeginde viktimologiya mazmunı jábirleniwshiler haqqındaǵı ulıwma táliymattı, yaǵnıy tek ǵana ayıpkerliktiń, bálki hár túrlı jaǵdaylar, baxtsız hádiyseler, tábiyiy apatlar, urıslar, mámleket siyasatınıń genosidi hám taǵı basqalardıñ jábirleniwshilerin óz ishine aladı. Sonlıqtan, jınayatlardıñ aldın alıwda viktimologiyalıq profilaktikaniñ àhmiyetli bùwını boları sòzsiz.

## References:

1. www.lex.uz. O‘ZBEKISTON RESPUBLIKASI PREZIDENTINING QARORI. PQ2833-sonli.
2. Аванесов Г.А. Криминология. - М.. 1984. - С.339.
3. Ахроров А. ва бошкалар. Жиноят ижроия хукуки. Т.: Укитувчи, 2002. -Б. 40
4. Бузынова С.П. Уголовно-правовое понятие рецидива и его виды II Проблемы уголовно-правовой борьбы с преступностью. М., 1989. -С. 35.
5. Зарипов З.С., Исмаилов И. Криминология. -Т., 1996. -Б. 226.
6. 6.Зуфаров Р.А. Криминологическая характеристика взяточничества // Ж. Давлат ва хукук. №3 (11), 2002. -Б. 43.
7. К.А.Абдурасулова. Криминология. Тошкент. Адолат 2007. С.76-84.
8. Михайлов А.Е. Роль личностных факторов в механизме насильственных преступлений: Автореф. дис.... канд. юрид. наук. Киев, 1989. -С. 14-15.